

BAB III

MÉTODELOGI PANALUNGTIKAN

Opat hal anu baris dipedar dina ieu bab, nyaéta ngeunaan wangenan operasional, tehnik jeung alat ngumpulkeun data, sumber data, ogé prosedur jeung tehnik ngolah data.

3.1. Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha istilah anu kudu diécéskeun sangkan éta istilah téh teu nyababkeun rupa-rupa tafsiran. Istilah-istilah éta téh di antarana :

- a). Klausa nyaéta kontruksi gramatik anu aya dina leunjeuran kalimah, diwangun ku jejer jeung caritaanana (prédikatif) dibarengan atawa henteu ku udagan, panglengkep, jeung katerangan.
- b). Klausa pagawéan nyaéta klausa bébas anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan. Dina ieu panalungtikan klausa pagawéan bakal didéskrifsikeun dumasar kana katégori kecap atawa frasa pagawéan anu jadi caritaanana, patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkirna, jeung klausa pagawéan hususna.
- c). Novel nyaéta salahsahiji wangun karya sastra anu prosaik. Iskandarwassid (1996 : 93) nétélakeun yén novel nyaéta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaanana atawa plotna

kompléks (ngarancabang). Novél nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

3.2. Méthode jeung Tehnik Panalungtikan

3.2.1. Méthode Panalungtikan

Sakumaha anu geus ditétélakeun saméméhna, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriftif. Méthode ieu dipaké ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, analisis jeung nafsirkeun data. Hal ieu luyu jeung pamadegan Surakhmad (1982 : 143).

Dumasar kana méthode anu digunakeun, ieu panalungtikan téh dimimitian ku ngumpulkeun data, tuluy nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data ngeunaan klausa pagawéan nu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

3.2.1. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik douméntasi jeung téhnik obsérvasi. Téhnik douméntasi nyaéta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, upamana catetan, transkrip, buku jeung sajabana (Arikunto, 1997 : 149). Téhnik douméntasi digunakeun lantaran datana mangrupa data tinulis nu dicokot tina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

Téhnik obsérvasi dilaksanakeun langsung kana novél *Jaro Bantahan* karangan tatang Sumarsono pikeun nyungsi data ngeunaan klausa pagawéan. Ku téhnik obsérvasi, perkara klausa pagawéan bakal bisa dianalisis kalawan gemet.

3.3. Sumber data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono sedengkeun nu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh klausa pagawéan nu aya dina novél *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono tur dijadikeun sampel panalungtikan. Ku kituna, ieu sampel panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.4. Instrumén jeung Cara Ngumpulkeun Data

Pakakas (instrumén) anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun sistem kartu data. Carana nyaéta nyalin sakabéh klausa pagawéan nu aya kana kartu data kalawan masing-masing kartu data dibéré nomer, kaca, jeung jajaran. Dina éta kartu ogé ditulis tipe-tipe klausa pagawéanana.

Conto kartu data klausa pagawéan saperti di handap ieu :

(1/2/3)

Manéhna téh diuk.

Tipe: 1. klausa pagawéan aktif

2. klausa pagawéan lengkep

3. klausa pagawéan positif

Keterangan :

1 : nomer urut

2 : kaca

3 : jajaran

Cara ngumpulkeun data ngaliwatan léngkah-léngkah di handap, nyaéta :

- a). Nangtukeun sumber data;
- b). Maca novél anu rék ditalungtik;
- c). Milah jeung milih data;
- d). Nyirian anu kaasup klausa pagawéan;
- é). Nyusun instrumén pikeun ngumpulkeun data;
- f). Nyalin sakabéh klausa pagawéan kana kartu data sakumaha geus disebutkeun dina bagian instrumén ngumpulkeun data.

3.5. Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data diperlukeun léngkah-léngkah, di antarana :

- a). Mariksa deui kalawan bener-bener data anu geus dikumpulkeun;
- b). Ngadaptarkeun sakabéh klausa pagawéan sacara alfabétis sarta ditangtukeun nomer, kaca, jeung jajaran dicutatna.
- c). Ngitung jumlah klausa pagawéan katut frékuénsi;
- d). Nyieun papasingan klausa pagawéan dumasar kana patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa unsur pamungkir dina caritaanana , jeung wangun atawa unsur internalna.
- é). Nafsirkeun data klausa pagawéan;

f). Ngadéskrifsikeun data klausa pagawéan kana katégori kecap atawa frasa pagawéan anu jadi caritaanana, patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir dina caritaanana, jeung klausa pagawéan hususna.

